



Pou Piblikasyon Imedya: 09/07/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

PANDAN MWA SANSIBILIZASYON SOU SANTE MANTAL MINORITE NASYONAL LA, GOUVÈNÈ CUOMO VINI AK NOUVO REGLEMAN KI MANDE POU MOUN KI GEN ASIRANS YO BAY YON KANTITE LAJAN KI REZONAB POU TROUB SANTE MANTAL AK TROUB KI GEN RAPÒ AK KONSOMASYON SIBSTANS

Pwojè regleman sou pwogram konfòmite a egalite a mete plis obligasyon sou moun ki gen asirans yo dapre Lwa Federal ak Eta yo

Pwogram konfòmite a dwe gen ladan l' politik, pwosesis ak metodoloji ki ekri pou idantifye ak korije move pratik yo

Pandan mwa sansibilizasyon sou sante mantal minorite nasyonal la, Gouvènè Andrew M. Cuomo jodi a te vini ak nouvo regleman ki mande pou moun ki gen asirans yo bay yon kantite lajan ki rezonab pou twoub sante mantal ak itilizasyon sibstans. Regleman Depatman Sèvis Finansye (Department of Financial Services) ak Depatman Sante (Department of Health) Eta New York pwopoze sou pwogram konfòmite a egalite a mete plis obligasyon sou moun ki gen asirans yo dapre Lwa Federal ak Eta yo pou bay yon kantite lajan konparab pou trete twoub sante mantal ak twoub ki gen rapò ak konsomasyon sibstans.

"New Yorkers yo te sakrifye yo anpil pou pliyè koub COVID-19 la, men akòz ogmantasyon ka yo nan tout peyi a ansanm ak pwoblèm sante mantal anpil nan konpatriyòt New Yorkers nou yo ap konfwonte, travay nou an pako ka fini", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nouvo regleman sa yo pral ede moun k'ap lite anba twoub sante mantal ak twoub ki gen rapò ak konsomasyon sibstans yo pandan n'ap egzije moun ki gen asirans yo bay kantite lajan ak pwofi yo bezwen an, pandan n'ap amelyore aksè a sèvis esansyèl ki pèmèt moun gen lavi yo nan move moman sa yo."

Direktris Anapre Depatman Sèvis Finansye Eta New York la, Linda A. Laceywell te deklare, "Regleman sa yo ki pwopoze a pral soutni anpil New Yorkers ki gen pwoblèm sante mantal oswa twoub ki gen rapò ak konsomasyon sibstans pandan n'ap egzije pou moun ki asirans yo gen gwo pwogram solid pou respekte obligasyon legal yo genyen nan sa ki gen a wè a konfòmite a egalite konsènan twoub sante mantal ak twoub ki gen rapò ak konsomasyon sibstans. Sa vin gen yon enpòtans kapital kounye a, paske anpil moun ap sibi yon strès ki pa sispann ogmante akòz twa kriz sa yo, sante piblik, ekonomi ak kriz dwa sivil. Nou pral pwoteje dwa New Yorkers yo pou jwenn menm aksè a tretman sante mantal yo ak sèvis tretman twoub ki gen rapò ak konsomasyon sibstans".

Komisè Eta New York nan departman sante Eta New York la, Dr. Howard Zucker te deklare, "Regleman sa yo pral asire New Yorkers yo gen aksè a sèvis sante mantal ak sèvis ki gen rapò ak konsomasyon sibstans yo bezwen, pa mwayen kouvèti asirans sante yo a. Nou te pwopoze menm regleman yo pou plan sante ki sètifye anba Lwa Sante Piblik, tankou HMO yo, pou moun ki gen kouvèti anba plan sa yo ka gen aksè a sèvis esansyèl sa yo".

Doktè Ann Sullivan, ki se Komisè Biwo Sante Mantal (Office of Mental Health) nan Eta New York, te deklare, "Aksè a kouvèti asirans ka yon kesyon lavi ou lanmò. New York te yon lidè nan batay pou egalite e pou asire ke moun yo ak fanmi yo gen aksè a kouvèti asirans pou twoub ki gen rapò ak konsomasyon sibstans ak sèvis sante mantal. Sa gen yon enpòtan kapital kounye a pliske pandemi COVID-19 la te lakoz yon nivo strès ak tristès byen wo lakay anpil moun. Nouvo regleman sa yo pral amelyore aksè a kouvèti epi pwoteje dwa New Yorkers yo dapre lwa federal ak eta yo".

Komisè Biwo Sèvis ak Soutyen pou Akoutimans Eta New York (New York State Office of Addiction Services and Supports, NYS OASAS) la, Arlene González-Sánchez te deklare, "Asire ke tout New Yorkers yo gen aksè a sèvis ak soutyen konplè ki nesèsè pou reponn a bezwen yo nan sa ki gen a wè a toksikomani ak sante mantal se yon bagay ki vital pou sistèm sante piblik nou an. Regleman sa yo ki pwopoze nan oblije moun ki gen asirans yo mache an konfòmite epi konnen yo gen obligasyon an pral esansyèl pou ede elimine obstak ki anpeche twòp moun resevwa èd yo bezwen ak merite".

Senatè Liz Krueger te deklare, "Egalite pou kouvèti twoub sante mantal, twoub ki gen rapò ak konsomasyon sibstans ak twoub alimantasyon se la lwa, men konpayi asirans yo te toujou jwenn mwayen pou evite l', swa yo refize kouvèti a kareman pandan yo mete gwo obstak administratif oswa pandan yo rann sèvis yo twò chè pou majorite moun ki gen aksè yo. Biwo m nan te travay ak elektè ki k'ap fè fas a anpil mil dola bil medikal jis pou yo gen aksè a swen ke yo gen dwa ak yo legalman dapre rplan asirans yo a. Mwen santi m kontan paske Eta New York ap fè gwo efò pou amelyore aksè a swen sante medikal de kalite, espesyalman pandan pandemi an kote anpil moun bezwen tretman sante mantal. Sa se yon etap enpòtan men eta a dwe rete vijilan pou asire ke founisè asirans yo rann swen sa a aksesib".

Manm Asanble Nily Rozic te deklare, "Twoub alimantasyon yo se pwoblèm ki reyèl, konplèks e ki ka fè dega ki afekte fanmi yo nan New York. Twoub alimantasyon - ak anpil lòt maladi mantal--ka trete fasil ak swen medikal ki abòdab ki pa kite New Yorkers yo chwazi ant fayit ak gerizon. Mwen fyè paske m te defann yon lejislasyon enpòtan e vital sou kesyon sa a e mwen optimis ke nouvo regleman sa a pral kontribye anpil pou ede fanmi yo abòde swen sante mantal yo bezwen an".

PDG Asosyasyon Nasyonal Twoub Alimantasyon an (National Eating Disorders Association) Claire Mysko, te deklare, "NEDA kontan paske departman sèvis finansye (Department of Financial Services) Eta New York la te pwopoze yon regleman ki egzijè

moun ki gen asirans yo kreye yon pwogram konfòmite a egalite konsènan twoub sante mantal ak twoub ki gen rapò ak konsomasyon sibstans. Amelyorasyon aksè swen pou twoub alimantasyon ak lòt pwoblèm sante mantal yo plis vin enpòtan, paske defi pandemi COVID-19 la poze yo te difisil pou kominote sante mantal la ansanm ak moun ki touche pa twoub alimantasyon yo. Nou vrèman rekonesan anvè Gouvènè Andrew Cuomo, anvè Dam Asanble a Nily Rozic, ak Direktris Annapre a Linda Lacewell pou sipò yo bay kominote twoub alimantasyon ak sante mantal yo, ak pou lidèchip yo nan garanti aksè swen enpòtan sa a".

Dapre regleman ki pwopoze a, pwogram konfòmite a egalite yo dwe etabli yon gouvènans kowopere pou respè egalite a, idantifye eka ki genyen nan kouvèti sèvis pou tretman pwoblèm sante mantal ak twoub ki gen rapò ak konsomasyon sibstans, epi garanti idantifikasyon ak koreksyon apwopriye move pratik yo.

Regleman pwopoze a egzije moun ki gen asirans yo deziye yon moun ki gen eksperyans ki pral:

- Responsab pou evalye, siveye ak jere respè egalite a;
- Fè rapò dirèkteman bay ofisyè egzekutif prensipal moun ki gen asirans lan oswa lòt jeran siperyè; epi
- Fè rapò pou piti yon chak ane bay konsèy administrasyon moun ki gen asirans yo oswa lòt kò direktè, oswa bay komite a, sou aktivite respè pwogram nan.

Pwogram konfòmite a dwe gen ladan' tou:

- Politik ak pwosesis pa ekri ki kreye pwogram konfòmite a, epi dekri kijan yo evalye, siveye ak jere respè moun ki gen asirans lan bay egalite a;
- Metodoloji pou idantifikasyon ak koreksyon move pratik yo;
- Yon pwosesis pou sètifikasyon aktyaryèl analiz egzijans finansye yo ak limit tretman kantitatif yo;
- Fòmasyon ak edikasyon pou anplwaye ak direktè;
- Metòd k'ap pèmèt anplwaye ak direktè yo ka fè rapò pwoblèm respè egalite a, epi;
- Yon politik ki kont entimidasyon ak reprezay pou yon bon patisipasyon nan pwogram konfòmite a.

Pratik ki entèdi e ki dwe korije nan 60 jou lè yo dekouvri yo a gen ladan:

- Yon politik egzamen itilizasyon ki itilize diferan nòm pou detèmine nivo dokimantasyon pou twoub sante mantal oswa twoub ki gen rapò ak konsomasyon sibstans parapò a sèvis medikal oswa chirijikal;
- Egzije yon otorizasyon davans, yon egzamen an menm tan oswa retwopestif itilizasyon an pou yon pousantaj ki pi wo de benefis pou sante mantal la oswa twoub ki gen rapò ak konsomasyon sibstans an deyò deklanchè klinik oswa kalite defini;

- Kreve yon metodoloji elaborasyon ak aplikasyon to ranbousman founisè yo pou sèvis sante mantal oswa twoub ki gen rapò ak konsomasyon sibstans ki pa konparab oswa aplike yon fason ki plis strik pase metodoloji elaborasyon ak aplikasyon to ranbousman founisè pou sèvis medikal oswa chirijikal; epi
- Kreve modifikasyon demand oswa konfigirasyon sistèm ki prevwa to apwobasyon ki pi wo pa mwayen oto-adjiksyon pou demand sèvis medikal oswa chirijikal pou pasyan ki lopital yo pase pou sèvis sante mantal pou pasyan ki lopital oswa ki gen twoub ki gen rapò ak konsomasyon sibstans.

Nou ka jwenn yon [kopi konplè lèt sikilè a sou sitwèb DFS la](#). N'ap aksepte [kòmantè piblik](#) jiska 7 septanm 2020.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)